

Byenvini nan


VitalSight™

Remote Patient Monitoring

ak **OMRON**

ENPÒTAN


Ekipman sa te
prepare espesyalman
pou ou menm ak
bezwen sante w. Pyès
moun pa dwe itilize l,
kit se te fanmi w.

Klinisyen w enskri w nan pwogram siveyans a distans pasyan VitalSight™ la, ki la pou ede ou menm ak ekip swen sante w kontwole sante w davans. VitalSight ak OMRON ap itilize echèl klinik ki konekte ak aparèy medikal yo pou asiste, kontwole, epi trete kondisyon san w pa bezwen kite lakay ou. Anndan bwat sa gen aparèy ke klinisyen w panse ta bon pou ou. Aparèy sa yo ka menm idantifye siy avètisman pwoblèm sante pou ka fè prevansyon.

Ou gen sèlman pou fè yon verifikasyon jan klinisyen an di l epi y ap voye otomatikman bay biwo doktè w. Epi tou, yon manm ekip VitalSight pral kontinye avè w pou asire ke aparèy ou yo byen itilize e pou reponn nenpòt kesyon teknik.

Tanpri rele 1-877-510-5902 pou pale ak yon manm ekip VitalSight.

Kisa ki anndan bwat la? Klinisyen w ap detèmine ki aparèy ou pral resevwa:



YON APARÈY PRESYON
ATERYÈL OMRON



YON BALANS OMRON POU
MEZIRE PWA KÒ



YON SANT DONE
(AK CHAJÈ)

Ou ka sèlman resevwa yon aparèy presyon ateryèl poukont li oswa yon aparèy presyon ateryèl ak balans pou mezire pwa kò, dapre sa klinisyen w kòmande.


Konfigirasyon aparèy la



1. Konekte sant done a nan priz kouran ki sou mi an epi toujou kite l konekte




2. Pozisyonne aparèy presyon ateryèl la kote pou kapab chita tou dwat



3. Si ou resevwa yon balans, mete l sou yon sifas ki di, epi ki gen nivo (pa sou yon kapèt)

Bon itilizasyon aparèy yo

Itilize aparèy ou yo byen enpòtan pou kenbe done ki ekzak yo. Pran mezi presyon ateryèl ou a anvan ou itilize echèl pou mezire pwa a. Swiv konsèy sa yo pou jwenn mezi w yo:



TANSYON

- Pa fè egzèsis, pa bwè alkòl, pa fimen ni manje gwo manje 30 minit anvan w pran yon mezi
- Chita ak pye w plat atè
- Chita trankil pou pi piti 5 minit anvan ou pran mezi a









BALANS POU MEZIRE PWA KÒ



- Asire w mete balans lan sou yon sifas ki di, epi ki nivo
- Lè w fè tout sa yo mande, kanpe sou balans lan aprè ou fin pran presyon ateryèl ou a


Swiv kalandriye klinisyen w rekòmande w

<p>1. Itilize twalèt la</p>			
 <p>2. Verifye tansyon w pou pi piti yon fwa pa jou (oswa jan klinisyen w lan rekòmande w)</p>	<p>Lè w leve</p>	<p>Pandan yon peryòd repo</p>	<p>Anvan w dòmi</p>
 <p>3. Kanpe sou balans lan (si ou resevwa youn)</p>	<p>Lè w leve</p>		<p>Anvan w dòmi</p>
 <p>Toujou pran tretman w jan doktè w la preskri l</p>			

Se yon ekzanp kalandriye. Tanpri swiv rekòmandasyon klinisyen an.


Kisa pou atann aprè

Pandan ke yo voye analiz ou yo bay ekip swen sante, bagay sa pral fèt:



1. Klinisyen w pral revize chif ou yo epi detèmine si presyon ateryèl ou nan entèval ke yo dezire a.

2. Ou ka resevwa yon apèl ki soti nan biwo doktè w pou diskite sou analiz ou yo ak nenpòt modifikasyon ki ka nesèsè.



3. Si sa ta rive ke w mande plis atansyon imedya, biwo doktè w pral kontakte w.



ENPÒTAN: Ekipman sa te prepare espesyalman pou ou ak bezwen sante w yo. Pyès moun pa dwe itilize l, kit se te fanmi w.




5 konsèy pou yon bon lekti presyon ateryèl lakay

Jwenn yon kote ki trankil pou repose pou pi piti 5 minit anvan ou pran mezi w.

Chita sou yon chèz ak do w byen dwat epi fè men w lanvè.

Mete pye w plat a tè; pa kwaze l.



Mete bando a dirèkteman sou avan bra w; li ta dwe sere, men pa twò sere.

Repose bra w sou tab la oswa sifas la pou bando a nan nivo kè a.



ESKANE LA
pou gade
yon videyo



Pou enstalasyon ak sipò teknik, tanpri rele 1-877-510-5902 pou pale ak yon manm nan ekip VitalSight.